2026 18 19 20 ФокIадэ

Хэхыныгъэхэр

2-нэ нап.



Щалэгъуалэм я упщIэхэм нэхъыжьхэм жэуап ират

3-нэ нап.



Къыщыуджащ Ищхъэрэ Мылылъэ хым

4-нэ нап.



ЩIэблэ узыншэ къытщIагъэувэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№108 (25.014) • 2026 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 8, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ



# ЕрыскъыхэкIхэм я къалащхьэщ Налшык

**Налшык къалэр, ЗэгурыIуэныгъэм и утыр, мы махуэхэм Урысейм и ерыскъыхэкIхэм я къалащхьэхэм ящыщ зы хъуащ. «КРСТ» къэрал программэм тету, УФ-мрэ КъБР-мрэ Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэхэм къызэрагъэпэща «Урысейм и шхыныгъуэ гурыхьхэр» фестивалым жыджэру хэтащ икIи къыщIагъэкI ерыскъыхэкIхэр щагъэлъэгъуащ къэралым и щIыналъэ 40-м щIигъум. КъыжыIапхъэщ, мы зэхыхьэр япэу Кавказ Ищхъэрэм зэрыщекIуэкIыр.**

ФЕСТИВАЛЫР къызэIуахащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбекрэ** УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Шевёлкинэ Ксениерэ**. ЗэгурыIуэныгъэм и утым къыщызэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэхэм ахэр еплъа нэужь, къызэхуэсахэм фIэхъус гуапэкIэ зыхуагъэзащ.

- УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Лут Оксанэ фIыщIэ ин хузощI жылагъуэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ мыпхуэдэ зэхыхьэ гъэщIэгъуэныр Къэбэрдей-Балъкъэрым щедгъэкIуэкIыну Iэмал къызэрыдитам папщIэ. Иджыпсту къэралым щагъэзащIэ мэкъумэшым и лэжьакIуэхэм ядэIэпыкъуным, агропромышленнэ комплексым зегъэужьыным теухуа IуэхухэрI. Абы и фIыгъэкIэ къуажэдэсхэм Iэмал яIэщ къыщIагъэкI шхыныгъуэхэр ирагъэфIэкIуэну, иджырей Iэмэпсымэхэр къагъэсэбэпыну. Ар щхьэпэщ фIагъырэ щIэупщIэрэ зиIэ, нэгъуэщIхэм ефIэкI ерыскъыхэкIхэр къыщIагъэкIынымкIэ. Нэхъыщхьэращи, ахэр нэгъуэщIхэм иращэныр къэралым и дежкIэ шынагъуэншэу щытынущ. Фестивалыр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы хэтхэмрэ фIыщIэ яхуэфащэщ,- жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэлъагъуэ мэкъумэшым и лэжьакIуэхэм зэрадэIэпыкъум, къуажэхэм зэрызаужьым и щапхъэ. Республикэм и щIыналъэ псори жыджэру хэтщ жылэхэм я Iэгъуэблагъэхэм зегъэужьыным теухуа къэрал программэм. Абы щыщ Iыхьэщ «Урысейм и шхыныгъуэ гурыхьхэр». Фигу къэзгъэкIыжынщи, ар нэгъабэ Тэтэрстанымрэ Смоленскэ областымрэ щедгъэжьащ. Иджы Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпыдощэ, - жиIащ Шевёлкинэ Ксение. - МахуитIым къриубыдэу Налшык и утым щызэблэкIынущ къэралым и щIыналъэхэм щыIэ ерыскъыхэкIхэмрэ шхыныгъуэхэмрэ я лIэужьыгъуэмрэ IэфIагъымрэ кIэлъыплъыну цIыху мин 40-м щIигъу.

Фестивалыр къызэIуаха нэужь, республикэм и Iэтащхьэмрэ Урысейм и лIыкIуэхэмрэ гъэлъэгъуэныгъэр щекIуэкI утыкум зыщаплъыхьащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм хьэщIэхэр ирагъэплъащ я шхыныгъуэ гурыхьхэм, IэпщIэлъапщIэхэм я ехъулIэныгъэхэм, нэхъри заужьыным теухуауэ яIэ мурадхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэмрэ ди хьэщIэхэмрэ махуитIым къриубыдэу зыхагъэгъуэзащ Урысейм и хэгъэгухэм я ерыскъыхэкI, шхыныгъуэ минхэм (гъэшхэкI, лыхэкI, бдзэжьейхэкI, фо лIэужьыгъуэхэм, пхъэщхьэмыщхьэхэм, хъыршын, лэкъум, хьэлыуэ, нэгъуэщI лъэпкъ шхыныгъуэхэм, IэфIыкIэхэм, фIэIугъэхэм, шей, псыIэфI жыпIэми. Апхуэдэу кIэлъыплъащ хьэщIэхэм къадекIуэкI хабзэхэми. Дэтхэнэ зы щIыналъэми игъэлъэгъуащ лIэщIыгъуэкIэрэ къыщIагъэкI ерыскъыхэкIхэмрэ абыхэм я гъэхьэзырыкIэм щIэблэр зэрыщагъэгъуазэхэмрэ.

Къэралым и цIыху мин бжыгъэхэм, зи IэщIагъэр фIыуэ зылъагъухэм, лъэпкъ шхыныгъуэхэм елэжь хьэрычэтыщIэхэм я гуащIэ укIэлъыплъыну гухэхъуэт. Псалъэм папщIэ, ягъэхьэзырат Урысейм нэхъ ин дыдэу къыщалъыта адыгэ хьэлыуэр. Тэрч щIыналъэм хыхьэ ХьэпцIей къуажэм и пщафIэхэм ящIа, килограмм 260-рэ зи хьэлъагъ, зи хъуреягъыр метритIым щIигъу мы шхыныгъуэр къэралым и рекорду къалъытащ. Пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкIхэмрэ къыхэщIыкIа теплъэгъуэхэр псоми ягу дыхьащ. Аниматорхэмрэ Урысейм и щIыналъэхэм щыпсэу лъэпкъхэм я фащэхэмкIэ зызыхуэпа артистхэмрэ фестивалым зыкъэрезыгъэхьэлIахэм я нэгу зрагъэужьащ.



*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Зэраубзыхуам тету, утым сабийхэмрэ балигъхэмрэ яхуэгъэза творческэ мастер-классхэр махуитIми ятащ. Апхуэдэт хьэпIацIэщыгъэ блэныр, удз гъэгъахэр Iэрамэу зэхэгъэувэныр, бзылъхугъэхэм зэрызагъэдахэ цIугъэнэхэр, зэрыджэгу хьэпшыпхэр гъэхьэзырыныр, гипсым къыхэщIыкIа скульптурэхэм, пхъэ значокхэм сурэт тещIыхьыныр, открыткэхэр щIыныр, гъукIэ IэщIагъэм зыхэгъэгъуэзэныр, нэгъуэщIхэри. Нэхъ цIыкIу дыдэхэм папщIэ аквагрим Iуэхур къыхалъхьащ. Сурэтхэр щызытрагъэх плIанэпэхэри утым щагъэуват.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*

## ХьэщIэ лъапIэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Пятигорскрэ Черкесскрэ я архиепископ Феофилакт хуэзащ. Щихънагъ нэхъыщхьэм и къэкIуэгъуэр ирыригъэхьэлIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэр щагъэлъапIэм.**

ЗЭIУЩIАХЭР тепсэлъыхьащ динкIэ зэтемыхуэхэр мамыру зэдекIуэкIын, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм хабзэ хъуауэ я зэхуакум дэлъ зэкъуэшыгъэр, ди къэралым ис псоми я зэхущытыкIэ гуапэр хъумэн зэрыхуейм.

КIуэкIуэ Казбек щихънагъ нэхъыщхьэм фIыщIэ хуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым гулъытэ къызэрыхуищIым, республикэм и махуэшхуэмкIэ къызэрехъуэхъуам, ижьиижьыж лъандэрэ республикэм щызэрахьэ лъапIэныгъэхэр хъумэнымкIэ къазэрыдэIэпыкъум, православ дин зезыхьэу ди щIыналъэхэм исхэр и нэIэ зэрыщIигъэтым папщIэ.

Къэхъукъащ**I**э

## Уэсукхъуэм щIиубыдахэр къалъыхъуэ

**Ди жагъуэ зэрыхъущи, Безенги аузым щыIэ альпинист 33-р Мижирги къуршым къеха уэсукхъуэм щIиубыдауэ къыщIэкIащ. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек МЧС-м и хэщIапIэм кIуэри, Iуэхур зыIутыр зригъэщIащ.**

«МЧС-м и лэжьакIуэхэр Безенги аузым и Iэгъуэблагъэм уэсукхъуэм щыщIихъума альпинист гупым мэлъыхъуэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, альпинист 11-р ягъуэта удынхэм къелакъым. ЦIыхуи 6-р республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм щагъэхъуж. Иджыри цIыхуи 6-м къащыщIар наIуэкъым, ахэр къалъыхъуэ, - етх КIуэкIуэ Казбек. - Узыншагъэр хъумэнымкIэ министр Къалэбатэ Рустам къалэн щысщIащ екIуэкI лэжьыгъэм и нэIэ тригъэтыну, дэIэпыкъуэгъу хуейхэм ятемыплъэкъукIыну.

Альпинистхэр къэзылъыхъуэ къегъэлакIуэхэм я лэжьыгъэр зэпагъэуркъым. Зи Iыхьлы хэкIуэдахэм сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сахуогузавэ».



# Егугъуныгъэм къриkIуахэр

**Бахъсэн псы зэбгрытыкIыпIэ зэрыIыгъым щекIуэкI лэжьыгъэхэм иджыблагъэ щыгъуазэ зищIащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

«АР ИКЪУКIЭ проектышхуэщ, 2023 гъэм щегъэжьауэ долэжь, Урысейм и Правительствэр арэзы техъуэу бюджет щIыхуэу сом меларди 2,7-рэ тхухаха нэужь щIэддзауэ. А ухуэныгъэм ехьэлIа лэжьыгъэхэм я процент 77-р зэфIагъэкIакIэщ. Абы хеубыдэ инженер зэпыщIэныгъэ гугъухэр, нэгъуэщI коммуникацэхэм япыщIащ икIи псылъэ абрагъуэхэр щагъэув, псыр зэрагъэкъабзэ Iэмэпсымэхэр зыщIэтыну станцым и лъабжьэр ягъэж, убзыхуа щIыпIэхэм деж щIыр щаубру, жыпIэнурамэ, зи чэзу къалэнхэм яужь итщ. Я гъумагъкIэ зэхуэмыдэу, бжьамийуэ метр 30-м щIигъу далъхьащ. Псори зэхэту псы зэбгрытыкIыпIэм бжьамийуэ метр 80 ирахьэлIэнущ. Бжьамийхэм зыри зэран яхуэмыхъун хуэдэу, иджыпсту абыхэм къэрашэкI зыхуэфащэ пкъыгъуэхэр, Iэмэпсымэхэр щIагъэувэ. Псыр зэрагъэкъабзэ оборудованэхэр илъу республикэм къэкIуащ автомашинэ 40-м щIигъу. Псы къыщыщIашыну станцым и етIуанэ Iыхьэм хуэгъэза лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI. Псы къабзэ зэрытынухэр зэпащIэ, псыр щагъэкъэбзэну станцым щхьэ тралъхьэ, и кIуэцIыр къызэрагъэхуэбэну, жьы къабзэ зэрыщIыхьэнухэр щIагъэувэ. Проектыр дызыхуэкIуэ илъэсым и кIэм ирихьэлIэу зэфIагъэкIыну я мурадщ. Ар яутIыпщмэ, псы къабзэкIэ къызэгъэпэща хъунущ цIыху мини 100 хуэдиз», - щитхащ КIуэкIуэ Казбек Максым щиIэ напэкIуэцIым.

Республикэм и Iэтащхьэр а махуэ дыдэм щыIащ Зеикъуэ къуажэм сабийхэр гъуазджэм щыхуагъасэ и еджапIэм. Ар зэрызэрагъэпэщыжрэ куэд щIакъым.

1960 гъэм яухуауэ щыта унэр къыумыцIыхужыну къагъэщIэрэщIэжащ. Абы къыпащIыхьащ, и унащхьэр, инженер коммуникацэхэр зэрахъуэкIащ, и кIуэцIыр, унащхьэр зэрахьащ, бжэщIэхэмрэ щхьэгъубжэщIэхэмрэ хагъэуващ.

КъимыдэкIэ, еджапIэм къыхуащэхуащ макъамэ IэмэпсымэщIэхэмрэ унэлъащIэхэмрэ. Мыбы щыхурагъаджэ уэрэд жыIэным, Iэмэпсымэхэм еуэным, IэпщIэлъапщIэным. Сабийхэм я зэфIэкIым щыхагъахъуэ пэш Iэхуитлъэхуитхэр, къыщыфэ щIыпIи, зэхыхьэхэр щрагъэкIуэкI пэшышхуи яIэщ.

ГъуазджэхэмкIэ школым хэтщ егъэджакIуэ, этнограф, лъахэдж цIэрыIуэу щыта Жылау Нурбий къызэригъэпэща музейри. Абы хуэсакъыу щахъумэ пасэрей зэрызагъэщIэращIэ хьэпшып цIыкIуфэкIухэри, унагъуэхэм къыщагъэсэбэпу щыта Iэмэпсымэхэри, щIым зэрелэжьу щытахэри. Абыхэм ящыщ куэд зеикъуэдэсхэм къратауэ аращ музейм.

«КъагъэщIэрэщIэжа нэужь Сабийхэм гъуазджэхэмкIэ я еджапIэм Iэмал куэд иIэ хъуащ ныбжьыщIэ нэхъыбэм заужьынымкIэ, творчествэм, щэнхабзэм хыхьэнымкIэ.

ЕгъэджакIуэхэми абыхэм ягъасэхэми сохъуэхъу ехъулIэныгъэхэр яIэну. Щэнхабзэ щIэиныр хъумэныр абыхэм куэдкIэ елъытащи, ди гугъапIэхэр идопх.

ЕджапIэм нэхъри зиужьыну, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысеймрэ я цIэхэр дяпэкIи фIыкIэ ягъэIуну си гуапэщ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Бахъсэн щIыналъэм и муниципалитетхэм я лэжьакIуэхэм щаIущIам республикэм и Iэтащхьэм гулъытэ щхьэхуэ хуищIащ социальнэ IэнатIэм. Иужьрей илъэсхэм яухуащ е зэрагъэпэщыжащ егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм я IуэхущIапIэ куэд.

Къапщтэмэ, Куба щатащ цIыху 500 зыщIэхуэну еджапIэ, сабий 400-м ятещIыхьа ясельнэ Iыхьэу 4, зэрагъэпэщыжащ щэнхабзэ IуэхущIапIэу 5, иджырей библиотекэхэм хуэдэу 3 къызэрагъэпэщащ. Къулъкъужын Ищхъэрэм Сабийхэм гъуазджэхэмкIэ я еджапIэр къыщагъэщIэрэщIэжащ. Псыхъурей зыхуей щыхуагъэзэжащ спортзалымрэ сабий садымрэ, Ислъэмей - ЩэнхабзэмкIэ унэр, Къубэ-Тэбэ - еджапIэм и спортзалыр. ХьэтIохъущыкъуейм щIалэгъуалэ центр къыщызэIуахащ, Кременчуг-Константиновскэм сабий садыр щызэрагъэпэщыжащ, Кыщпэк - ныбжьыщIэ 650-м ятещIыхьа еджапIэр. Ислъэмей, ХьэтIохъущыкъуей, Куба, Зеикъуэ къуажэхэм яслъэ ныбжьым ит цIыкIухэу 240-рэ зэкIуэлIэн унэхэр зыхуей щыхуагъэзэжащ.

Иджыпсту сыт и лъэныкъуэкIи къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж Ислъэмей дэт еджапIэр, ХьэтIохъущыкъуейм и школитIрэ Зеикъуэм ейуи апхуэдизрэ, апхуэдэуи Жанхъуэтекъуэ и сабий садыр.

ЩIыналъэм хыхьэ жылэ псоми щрагъэкIуэкIащ цIыху зэхуэсыпIэхэр зэIузэпэщ щIыным ехьэлIа лэжьыгъэхэр, социальнэ IуэхущIапIэхэм екIуалIэ гъуэгухэр гулъытэ щхьэхуэ хуащIу зэрагъэпэщыжащ.

Псы зэрыкIуэ бжьамиищIэхэу яукъуэдиящ е щыIэхэр щызэрагъэпэщыжащ километр 55-м щIигъум, апхуэдэуи псы къыщIэшыпIэ 11 къагъэщIэрэщIэжащ. Куба - Малкэ, Туф къыщIэхыпIэ - Дыгъэмыхъуэ гъуэгухэр щыIэ мардэхэм кърагъэтIасэу зыхуей хуагъэзащ.

«ДызыхуэкIуэ илъэсхэми пытщэнущ зи ныбжьыр школ кIуэгъуэм нэмыса цIыкIухэм папщIэ IуэхущIапIэхэр, еджапIэхэр, узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм ехьэлIахэр ухуэным, щыIэхэр зэгъэпэщыжыным хуэгъэза лэжьыгъэхэм. Шэч хэмылъу, гулъытэ хэха зыгъуэтынухэм ящыщщ жылэхэр псы къабзэкIэ къызэгъэпэщынымрэ гъуэгухэр зэгъэпэщыжынымрэ. Бахъсэн щIыналъэм щыпсэухэм нобэ зыкъыщIытхуагъэза Iуэху псоми Iэмал имыIэу делэжьынущ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек къызэхуэсахэм защыхуигъазэм.

# Гъагъэ, си республикэ!



**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэр Театр щхъуантIэм щагъэлъэпIащ «Гъагъэ, си щIыналъэ!» гуфIэгъуэ концерт инымкIэ.**

КОНЦЕРТЫР ирагъэжьащ усэрэ макъамэкIэ. Абы хыхьэу зыкъэзыгъэлъэгъуа артистхэм я фэилъхьэгъуэхэм хаухуэнат ди республикэр къызэрацIыху щIыналъэм и псыежэххэр, бгыщхьэ хужьхэр, уафэ къабзэр зи дамыгъэ хъуа лъэпкъ ныпым и плъыфэхэр.

Утыкум псалъэ гуапэхэр щыIурт, къэралым и нэгъуэщI щIыналъэхэми хуэдэу, зи бзэкIэ, щэнхабзэкIэ, зэрыт динкIэ зэщхьэщыкI лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэгурыIуэрэ зэныбжьэгъугъэрэ яку дэлъу зэрыщыпсэур, зэрызэдэлажьэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм яхуэгъэза хъуэхъухэр экранымкIэ къатащ щIыналъэм исхэр зэрыгушхуэ спортсмен цIэрыIуэхэм, щIалэгъуалэ жыджэрхэм, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм къабгъэдэкIыу.

Лъэпкъ фэилъхьэгъуэхэр къызыщыпс, республикэм и къэфакIуэ гупхэр утыкум нэхъри щызэкъуагъэуват «Псы», «Жьы», «ЩIы» къафэ теплъэгъуэхэм. КъБР-м и Музыкэ театрым и хорым и уэрэджыIакIуэхэм, ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и студентхэм, ГъуазджэхэмкIэ школхэм я гъэсэнхэм зэдагъэзэщIащ «Родина» уэрэдыр. Iэгуауэ мыухыж хуаIэтащ «Къафэ»-р зыгъэзэщIа дызэрыгушхуэ, дуней псом къыщацIыхуа «Кабардинка» ансамблым.

Пшыхьыр ягъэдэхащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Москва щылажьэ Хардай Мухъутар, ди республикэм и уэрэджыIакIуэхэу Хьэжырокъуэ СулътIан, ДыщэкI Артур, Текуев Амур, Жаникаев Эльдар, Даут Сусанэ (Адыгэ Республикэ), Думэныщ Лианэ (Къэрэшей-Шэрджэс), Царикаевэ Аланэ (Осетие Ищхъэрэ-Алание), Ахмадовэ Хавэ (Шэшэн Республикэ), Ингушетием къикIахэу Алиевэ Айнэрэ уэрэдымрэ къафэмкIэ «Магас» къэрал ансамблымрэ, уэрэдымрэ къафэмкIэ «Тэрч къэзакъхэр» гупым, «Балкария», «Намыс», «Амра», «Эльбрус», «Нирвана» ансамблхэм.

Пшыхьыр зэхуащIыжащ хорым хэтхэмрэ концертыр зыгъэдэха уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ зэдагъэзэщIа уэрэдымкIэ. Утыкум щыхъуэхъуащ республикэм мамырыгъэ, зыужьыныгъэ иIэну, ефIэкIуэну, лIэщIыгъуэкIэрэ лъэпкъхэм къадекIуэкI хабзэ дахэхэр яхъумэну.

«СигукIи си псэкIи къызбгъэдэкIыу фIыщIэ яхузощI ди къуэш щIыналъэхэм - Адыгэ, Дагъыстэн, Ингуш, Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ищхъэрэ-Алание, Шэшэн республикэхэм - къикIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и артистхэм я гъусэу ди гуфIэгъуэр къыддэзыгъэдэха, КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэшхуэм теухуа концертыр гуапэу къыддэзыIыгъа уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ. Махуэшхуэр къызэзыгъэпэщахэми фIыщIэ фхуэфащэщ. Ар къызэрывэхъулIам, щIыналъэм исхэмрэ ди хьэщIэхэмрэ я гукъыдэжым абы зэрыхигъэхъуам шэч хэлъкъым», - щитхащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Максым щиIэ напэкIуэцIым.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*





# «Кавказым - мамырыгъэ»

**КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым фокIадэм и 6-м щызэхуащIыжащ гъуазджэхэмкIэ «Кавказым - мамырыгъэ» XV лъэпкъхэм зэдай фестивалыр. Абы хыхьэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэ псоми «Зэныбжьэгъугъэм и концертхэр» щекIуэкIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэм и щIыхькIэ зэхыхьэ гуапэхэр къызэрагъэпэщащ, УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ «Росконцерт»-мрэ я дэIэпыкъуэгъуу.**

ТЕАТРЫМ и пэIущIэ пэшым щагъэлъэгъуащ цIыху IэпщIэлъапщIэхэм я IэрыкI телъыджэхэр.

Фестивалым и художественнэ унафэщIыр лъэпкъхэм зэдай зэпеуэхэм я лауреат, Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм цIыхубэ IэмэпсымэхэмкIэ Лъэпкъ къэрал оркестрым и дирижёр нэхъыщхьэ Кумаритов Тенгизщ.

Концертым хэтащ Урысейм и щIыналъэхэм, Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ. Пшыхьыр ягъэдэхащ Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм цIыхубэ IэмэпсымэхэмкIэ Лъэпкъ къэрал оркестрым, «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым, «Балкария» къэрал IуэрыIуатэ-этнографие къэфакIуэ ансамблым, «Россия» къэрал академическэ урыс цIыхубэ къэфакIуэ ансамбль Зыкинэ Людмилэ и цIэр зезыхьэм.

ФокIадэм и 4 - 6 махуэхэм екIуэкIа мыгъэрей фестивалым къали 5 (Мэхъэчкъалэ, Беслъэн, Грознэ, Владикавказ, Налшык) къызэщIиубыдащ. ХьэщIэхэм папщIэ мастер-классхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, концертхэр къызэрагъэпэщащ. Абы хыхьэу зыхагъэгъуэзащ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къадекIуэкI хабзэхэмрэ щэнхабзэмрэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, фестивалыр 1996 гъэ лъандэрэ йокIуэкI. Ар и жэрдэмщ УФ-м и цIыхубэ артист, Мариинскэ театрымрэ Театр Инымрэ я унафэщI, УФ-м и Президентым щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ дэлажьэ Советым хэт Гергиев Валерий. Къалэн нэхъыщхьэр щэнхабзэ щIэинхэр хъумэнырщ, абыхэм нэхъыбэ щыгъэгъуэзэнырщ, лъэпкъхэм яку дэлъ пщIэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ гъэбыдэнырщ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# ЕрыскъыхэкIхэм я къалащхьэщ Налшык

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

Къызэхуэсахэр яфIэгъэщIэгъуэну кIэлъыплъащ Кавказым и лъэпкъ шхыныгъуэхэр зыгъэхьэзыр пщафIэ Iэзэ, «Чабан» IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ Чеченов Бисо ита мастер-классхэм. Абы игъэлъэгъуащ балъкъэр хъыршынымрэ адыгэ лыгъур лыбжьэмрэ я гъэхьэзырыкIэхэм я щэхухэр. ЦIыхухэр дихьэхыу еплъащ «Каббалкптица» IуэхущIапIэм и пщафIэм адыгэ джэдлыбжьэ зэрищIым, «Велес-агро» фабрикэм и лэжьакIуэм лыхэкI зэрапщэфIым триухуа и мастер-классым.

ЗэрытщIэщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм дахагъэр зыхалъхьэ щымыIэу къогъуэгурыкIуэ. IэпщIэлъапщIэхэм ягъэлъэгъуащ фэм, абджым, гъуаплъэм, фарфорым, ятIэ гъэжьам, пхъэм къыхащIыкIа я IэрыкI гъэщIэгъуэнхэр, хьэпIацIэщыгъэкIэ бла Iэпщэхъухэр, мывэ лъапIэхэмкIэ гъэщIэрэщIа хьэпшыпхэр, лъэпкъ фэилъхьэгъуэхэмрэ абыхэм ящIыгъу пкъыгъуэхэмрэ.

Утым къыщызэрагъэпэща концертыр махуитIми ягъэдэхащ Кавказ Ищхъэрэр зэрыгушхуэ уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ нэхъыфIхэм. Фермерхэм къызэрагъэпэща насыпырыхь джэгу-зэпеуэхэми хэтащ къызэхуэсахэр. Пщыхьэщхьэм утыкур ягъэдэхащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэу Хьэжырокъуэ СулътIанрэ ЕлъэщIыIэ Ислъамрэ.

Фестивалыр унагъуэхэм я зыгъэпсэхупIэ хъуауэ жыпIэ хъунущ, сабии балигъи абы зэрызэхуишэсар къэплъытэмэ.

Урысейм и шхыныгъуэ гурыхь лIэужьыгъуэхэм, ерыскъыхэкIхэм я IэфIагъыр зыхуэдэм цIыхухэм зыщагъэгъуэза къудей мыхъуу, зыхуейр къащэхунуи Iэмал яIащ. Ар хуэунэтIащ Урысейм къыщыщIагъэкI ерыскъыхэкIхэр зыхуэдэм цIыху нэхъыбэ щагъэгъуэзэным, я щIэупщIэм хэгъэхъуэным, IуэхущIапIэ цIыкIухэм гулъытэ хуащIыным, абыхэм зрагъэужьыным. Урысейм и лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм и илъэсым мыр ерыскъыхэкIхэм я махуэшхуэм и мызакъуэу, щIыналъэхэм я зэкъуэтыныгъэр нэхъри зыгъэбыдэ, хьэщIагъэ хабзэр щызэрахьэ, лъэпкъ шхыныгъуэхэмкIэ щызэдэгуашэ зэхыхьэ гуапэ хъуащ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# Дунейм щыхъыбархэр

## ПцIыр ди гум техуэнукъым

**ЕтIуанэ дунейпсо зауэмрэ Хэку зауэшхуэмрэ я тхыдэр зэрыхуейуэ ятхыжу Урысейм идэнукъым.**

УФ-м и лIыкIуэу Германием щыIэ Нечаев Сергей зэрыжиIэмкIэ, ди къэралыр ерыщу пэщIэтщ нацизмэм текIуэным, Германиемрэ Европэмрэ хуит къэщIыжыным Совет Союзымрэ Дзэ Плъыжьымрэ хуащIа хэлъхьэныгъэр язынықъуэ нэмыцэ политикхэм ягъэмэщIэну зэрыхэтым.

«Тхыдэр нэпцIу къагъэлъэгъуэныр ди гум техуэнукъым, псом хуэмыдэу ЕтIуанэ дунейпсо зауэмрэ Хэку зауэшхуэмрэ ехьэлIауэ. Ди ТекIуэныгъэ Иныр узыпэмылъэщын Iуэхугъуэщ, - къыхегъэщ абы.

Нечаевым зэрыжиIэмкIэ, зауэм, совет сэлэтхэмрэ лIыхъужьхэм я кхъэлъахэхэмрэ я фэеплъыр хъумэныр Урысей посольствэмрэ хамэ къэралхэм щыIэ нэгъуэщI урысей IуэхущIапIэхэмрэ я лэжьыгъэм и Iыхьэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. ЛIыкIуэм къыхегъэщ Германием фэеплъ зэхыхьэхэр щегъэкIуэкIыным, ТекIуэныгъэм и махуэр щыгъэлъэпIэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

## ЕтIанэгъэ зыщагъэпсэхунур дэнэ?

**Тыркум зыщыбгъэпсэхуным и уасэм адэкIи хэхъуэу екIуэкIмэ, Урысейм щыпсэухэм а къэралым хуащI гулъытэр къыкIэлъыкIуэ лъэхъэнэм игъэмэщIэнкIэ хъунущ. Апхуэдэ Iуэху еплъыкIэ къегъэлъагъуэ Аланье щIыналъэм и турагент Кылдонер Аслъэн.**

«Тыркурщ Урысейм щыщ зыгъэпсэхуакIуэхэр нэхъыбэу здэкIуэр, арщхьэкIэ апхуэдэ ехъулIэныгъэр куэдкIэ елъытауэ щытынущ етIанэгъэ щыIэну уасэхэр хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъым зэрезэгъынум. Зыгъэпсэхугъуэм и уасэр къатехьэлъэ хъумэ, цIыхухэм къалъыхъуэнущ нэгъуэщI щIыпIэхэр», - къыхигъэщащ абы.

Тырку хьэщIэщхэм щIэтIысхьэхэм я бжыгъэр 2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ику иту процент 36,8-м нэскIэ ехащ. КъызэрагъэлъагъуэмкIэ, ар проценти 3,37-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ нэгъабэрейм елъытауэ.

**ФокIадэм и 8,**
***гъубж***

♦**ЩIэныгъэ зэгъэгъуэтыным и дунейпсо махуэщ**
♦**Журналистхэм я зэкъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм и Дзэ щIыхьым и махуэщ - Кутузов Михаил зи унафэщI урысеидзэм Бородино и деж щригъэкIуэкIа зауэшхуэм и махуэщ**
♦**Финансистым и махуэщ**
♦**1958 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ, КъБР-м и Парламентым и депутату щыта **Къандэхъу Мухьэмэд**.
♦**1962 гъэм** къалъхуащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIэдэкIуей Аслъэн**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 19, жэщым градус 12 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 9**
***бэрэжьей***

♦**Дахагъэм и дунейпсо махуэщ**
♦**1882 гъэм** къалъхуащ адыгэ джэгуакIуэ **Щхьэлахъуэ Алий**.
♦**1942 гъэм** къалъхуащ шапсыгъ сурэтыщI, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и художник **Хьэпышт Хьисэ**.
♦**1946 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Мысрокъуэ Мухьэмэд**.
♦**1969 гъэм** къалъхуащ адыгэ сурэтыщI **Гъуэгунокъуэ Мурат**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 – 20-рэ, жэщым градус 18 щыхъунущ.

***Къытхэхъуащ***

*Дыгъуасэ* Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 19. Абыхэм ящыщу 5-р хъыджэбз цIыкIущ, 14-р щIалэщ. *ФокIадэм* зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабии 154-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 6059-рэ.

*Зыгъэхьэзырар*
**БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Псэуным лъакъуибгъу щIэтщ.**

# 2026 гъэм хэхыныгъэхэр зэрекIуэкIынур

Урысейм и ХэхакIуэ комиссэ Нэхъыщхьэм и унафэщI Памфиловэ Эллэ 2026 гъэм и хэхыныгъэр иужьрей илъэсхэм екIуэкIахэм я нэхъ гугъуу къызэрилъытэр къыхигъэщащ.

Хэхыгъуэ пIалъэр зэфIэкIыху, абы и къызэгъэпэщыкIэм набдзэгубдзаплъэу хущытыпхъэщ: хэхакIуэ участкэхэр зэлъэIэсыным деж щегъэжьауэ, Iуэхур хабзэм темыкIыу щытыным нэс хуэсакъын хуейщ, къэралым и кIуэцIкIи щIыбкIи абы зэран къыхуэхъункIи хъунухэм ятемыплъэкъукIыу.

ХэхыныгъэмкIэ системэр япэрейр зытетам тетыжщ: псори зэхэту (параллельнэ) жыпхъэм иту, парламентым хэтыну цIыху 450-рэ хахынущ.

Депутат 225-р - партхэм къагъэлъэгъуахэм къыхахынущ, 225-р - зы мандат хэхыпIэ округхэм.

Зы мандаткIэ хахынухэр 2026 гъэм щIэуэ ягуэшынущ:

Округ 225-м Урысейм щIэуэ къыхыхьа областхэр хабжэ: ДНР-м щыщ округищ, ЛНР-м - тIу, Запорожскэ, Херсон областхэм - зырыз.

Депутахэм я бжыгъэм зихъуэжакъым: 450-рэ.

Депутат корпусым нэмыщI, а махуэ дыдэм щIыналъи 8-м я унафэщIхэмрэ щIыналъэ 39-м я парламентым хэтынухэмрэ хахынущ.

Урысейм и субъектищым - Къэрэшей-Шэрджэсым, Дагъыстэным, Осетие Ищхъэрэ - Аланием я унафэщIхэр Президентым къигъэлъэгъуа нэужь, ятеухуа унафэр щIыналъэхэм я хабзэубзыху органхэм къащтэнущ.














## Лъэпкъ Iуэхумрэ динымрэ хэхыныгъэм епхахэм хабзэм къемызэгъыу къыщыбгъэщхьэпэ зэрымыхъунум теухуауэ зыщыгъуэзапхъэ

**I. Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр**

1. Хэхыныгъэм епха Iуэхугъуэхэр – ар къэралым унафэ щызезыхьэну органхэмрэ щIыпIэ самоуправленэхэмрэ хагъэхьэнухэр къыщыхах дауэдапщэхэр щагъэхьэзыр, щрагъэкIуэкI, и кIэухыр къыщызэщIаубыдэж, хабзэкIэ убзыхуа лэжьыгъэщ.

2. Хэхыгъуэ пIалъэр хэхыныгъэхэр гъэхьэзырынымрэ егъэкIуэкIынымрэ епха лэжьыгъэщ, ар зи пщэ дэлъ къулыкъущIэм, къэрал органым е щIыпIэ самоуправленэм и органым и унафэр официальнэу къыщыдигъэкIа махуэм щегъэжьауэ, хэхыныгъэхэр къызэзыгъэпэщ хэхакIуэ комиссэм абы текIуэда мылъкур зэригъэкIуэда щIыкIэр хэIущIыIу щищI махуэм пщIондэ екIуэкIыу.

3. Хэхыныгъэ къыхуеджэныгъэр (агитацэ) хэхыгъуэ пIалъэм къриубыдэу ирагъэкIуэкI лэжьыгъэщ, къагъэлъэгъуа цIыху щхьэхуэр, гупыр, цIыху гупыр хахыным е хамыхыным хэхакIуэхэр къыхуриджэу.

4. Къыхуезыджэ (агитацэ) материалхэм хеубыдэ зэрыбкIэ къэщыпа, уедэIуэным е нэгъуэщI IэмалкIэ къыбгурыIуэным хуэщIа материалхэр, зыгуэр хэпхыным укъыхуезыджэ мыхьэнэ иIэу, хэхыгъуэ пIалъэм зэбграгъэкIыным хуагъэхьэзырауэ.

5. Мы зыщыгъуэзапхъэм къыхэхуэ нэгъуэщI фIэщыгъэхэм я мыхьэнэр зекIуэ хабзэм зэриубзыхуам тету къэгъэсэбэпыпхъэщ.

**II. Лъэпкъ Iуэхумрэ динымрэ ятеухуауэ хэхыныгъэм къыщемызэгъынухэр**

6. Урысей къэралым цIыхуми гражданинми зэхуэдэ хуитыныгъэрэ хьэкърэ ирет, и фэм, и лъэпкъым, и бзэм, къызыхэкIам, диным зэрыхущытым, къинэмыщIхэм емылъытауэ.

Урысей Федерацэм и гражданиныр хуитщ хихынуи зыхригъэхынуи, и фэм, лъэпкъым, бзэм, къызыхэкIам, диным зэрыхущытым, къинэмыщIхэм емылъытауэ.

7. Урысей Федерацэм и гражданиным зыхригъэхыну хуиткъым, 2022 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м къыдэкIа, №114-ФЗ «Экстремизмэм пэщIэтынымкIэ» хабзэмрэ 2006 гъэм гъатхэпэм и 6-м къыдэкIа «Терроризмэм пэщIэтынымкIэ» №35-ФЗ хабзэмрэ япкъ иткIэ, судым и унафэкIэ ягъэкIуэдыжыпхъэу, е и лэжьыгъэр къызэпаудыпхъэу ягъэува жылагъуэ, дин, е нэгъуэщI зэгухьэныгъэм епхамэ.

8. Урысейм ущыхуиткъым фэкIэ, лъэпкъкIэ, динкIэ, социальнэ щытыкIэкIэ цIыхухэм я зэхуаку къаугъэ къыщызыгъэхъей зэгухьэныгъэхэр къыщызэбгъэпэщыну, хэхыныгъэм епхахэри хиубыдэу.

9. Зыхрагъэхыну зыкъэзыгъэлъагъуэ кандидатхэм е хэхыныгъэм епха зэгухьэныгъэхэм я программэхэми (Интернетым щызэбграгъэкIахэри яхэту), езыхэм е абыхэм я лIыкIуэхэм я къэпсэлъэныгъэхэми, СМИ-хэм къытехуа материалхэми экстремизмэм епха Iуэхугъуэ хэт хъунукъым.

9.1. Экстремизмэм хохьэ:

Фэр, лъэпкъыр, диныр, социальнэ щытыкIэр къэбгъэсэбэпу, цIыхухэр зэпэщIэбгъэувэныр;

ЦIыхум и фэм, и лъэпкъым, и диным, и бзэм, социальнэ щытыкIэм, е диным зэрыхущытым къыхэкIыу, ар адрейхэм нэхърэ нэхъ лъагэу е нэхъыкIэу зэрыщытым къыхуебджэныр;

ЦIыхум и фэм, и лъэпкъым, диным, бзэм, е диным зэрыхущытыр тегъэщIапIэ пщIыуэ, абы и хуитыныгъэм, хьэкъым, хабзэкIэ къылъысым уебгъэрыкIуэныр;

10. Хэхыгъуэ пIалъэм къриубыдэу къыхуебджэ хъунукъым:

Социальнэ зэхуэмыдэныгъэм, фэм, лъэпкъым, диным епха зэпэщIэтыныгъэм;

ЦIыхур къызыхэкIа лъэпкъыр зыгъэпуд Iуэхугъуэхэм;

КъызыхэкIа лъэпкъым, зэрихьэ диным, бзэм, социальнэ щытыкIэм елъытауэ зыр псоми ефIэкIыу, е адрейхэм нэхърэ нэхъыкIэу зыгъэув Iуэхугъуэхэм;

11. Дин зэгухьэныгъэхэмрэ абыхэм къызэIуаха IуэхущIапIэхэмрэ хуиткъым:

Хэхыныгъэм епха къыхуеджэныгъэ ирагъэкIуэкIыну;

Агитацэм епха материал къыдагъэкIыну;

Зыхрагъэхыну зыкъэзыгъэлъэгъуа кандидатхэм е абыхэм къызэрагъэпэща зэгухьэныгъэхэм я фондхэм псапащIэ ахъшэ хухагъэкIыну;

12. Дин зэгухьэныгъэхэм я дауэдапщэхэр щрагъэкIуэкIкIэ, хуиткъым:

Хэхыныгъэм епха агитацэ ирагъэкIуэкIыну;

Агитацэм епха сыт хуэдэ материали къыдагъэкIыну;

**III. Хэхыныгъэм епха Iуэхугъуэхэм лъэпкъ Iуэхумрэ динымрэ хабзэм къемызэгъыу къыщымыгъэсэбэпынымкIэ жэуаплыныгъэ зыхьэр**

13. Лъэпкъ, дин IуэхукIэ зэбииныгъэ къэзыгъэхъейм административнэ, уголовнэ тезыр къытохуэ.

13.1. Урысей Федерацэм и КодексымкIэ, административнэ щIэпхъаджагъэ зылэжьам административнэ тезыр тралъхьапхъэщ (граждан щхьэхуэхэм сом мини 10-м щегъэжьауэ мин 20-м нэс, юридическэ нэрыбгэхэм сом мин 250-м щегъэжьауэ мин 500-м нэс), сыхьэти I00-м къриубыдэ тезыр лэжьыгъэ, е жэщмахуэ 15-кIэ ягъэтIысыныр.

13.2. Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым зи цIэ къраIуа Iуэхугъуэхэм щIэпхъаджагъэ хэлъу къилъытэмэ, жэуаплыныгъэ зэхуэмыдэхэр тезыру трилъхьэнущ, сом мин 300-м щегъэжьауэ мин 600-м нэс мылъку тезыру, илъэси 5-м нэс тезыр лэжьыгъэ, илъэси 6-кIэ ягъэтIысыныр.

14. Лъэпкъ Iуэхумрэ динымрэ хабзэм къемызэгъыу къэзыгъэсэбэп кандидатыр судым и унафэкIэ хэхыныгъэм хагъэкIыжынкIэ е хэхыныгъэ спискэм хатхъыкIыжынкIэ хъунущ.

15. Лъэпкъ Iуэхумрэ динымрэ хабзэм къемызэгъыу къагъэсэбэпауэ къалъытэмэ, судым хэхыныгъэм къигъэлъэгъуар къабыл имыщIыну хуитщ.

**IV. Лъэпкъ Iуэхумрэ динымрэ хабзэм къемызэгъыу къызэрагъэсэбэпа щапхъэхэр**

16. Лъэпкъ Iуэхумрэ динымрэ хэхыныгъэм хабзэм къемызэгъыу къыщагъэсэбэпауэ къыщалъытэнкIи хъунущ:

Хахыну къагъэлъэгъуа кандидатым ар къызыхэкIа лъэпкъым е диным елъытауэ Iэ хуаIэтыну къыхураджэмэ;

ХэхакIуэхэр къызыхэкIам е зэрахьэ диным елъытауэ, хэхыныгъэм хэмытыну къыхуеджэныр;

Хэхыныгъэм хэтхэр къызыхэкIа лъэпкъым е абыхэм зэрахьэ диным теухуауэ хъыбар нэпцI зэбгрытыкIыныр;

ХэхакIуэхэр хагъэзыхьын мурадкIэ лъэпкъ, дин зэпэщIэтыныгъэ къэгъэхъеиныр е апхуэдэ щыIэу къафIэгъэщIыныр;

Хахыну зыкъэзыгъэлъагъуэхэр гъэпудын е япэ игъэщын мурадкIэ лъэпкъ, дин зэпэщIэтыныгъэ къэзыгъэхъу материалхэр зэбгрыгъэкIыныр;

Урысей Федерацэм щекIуэкI хэхыныгъэм епха Iуэхугъуэхэр дин, лъэпкъ зэпэщIэтыныгъэкIэ къызэпыудын мурадкIэ къызэрагъэпэща нэгъуэщI Iуэхугъуэ псори.

**Лъэпкъ IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэм (ФАДН) зэхилъхьа памяткэм ипкъ иткIэ.**

# «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ» зы мандат хэхыпIэ округ №17-м Къэрал Думэм и IX зэхуэсыгъуэм и депутатхэм я кандидат Таппасхановэ Аминат Ануар и пхъур



Къэрал Думэм и IX зэхуэсыгъуэм и депутатхэм я хэхыныгъэхэм (2026) ирихьэлIэу «Яблоко» партым къигъэлъэгъуа кандидатым игъэхьэзыра программэ:

Мамырыгъэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ папщIэ!

Шынагъуэншэ гъащIэм папщIэ!

Зауэ щымыгъэIэным, дипломатием, мамырыгъэр къызэгъэпэщыным папщIэ!

Ди мурадыр - дунейкъутэ зауэ къэмыгъэхъунырщ!

Шынагъуэ здэщымыIэ, политикэ залымыгъэм пэIэщIэ Урысейм папщIэ!

ЦIыхум и гъащIэр хъумэным, и пщIэм, и щIыхьым, и зэIузэпэщыныгъэм папщIэ!

Ди мурадыр - зэпымычу ефIакIуэ демократие щытепщэ Урысейщ!

Ди жэрдэмхэмрэ гупсысэхэмрэ укъытехуэмэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ» зы мандат хэхыпIэ округ №17-м Iэ щыпIэтыну укъыхудоджэ кандидат Таппасхановэ Аминат Ануар и пхъум папщIэ.

*«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и депутатхэр хэхыным и IуэхукIэ» 2014 гъэм мазаем и 22-м къыдэкIа Федеральнэ закон №20-ФЗ-м ипкъ иткIэ пщIэншэу тыдодзэ.*

● ДифI догъэлъапIэ

# ЩIэблэ узыншэ къытщIагъэувэ

*Сабий гъэсапIэхэм жылагъуэм щаIэ увыпIэмрэ яIэ мыхьэнэмрэ къыпхуэмылъытэным хуэдизу абрагъуэщ. Шэч хэмылъу, куэдым къагуроIуэ иджырей гъащIэм хуиту хэувэфын цIыху бгъэсэныр Iуэху къызэрыгуэкIыу зэрыщымытыр. Абы гулъытэ хэха зэрыхуэщIыпхъэм трагъэчыныхьу, къэрал унафэщIхэми гъэсэныгъэ Iуэхум ират мыхьэнэр инщ, нэрылъагъущ. Хэкум щIэблэ узыншэ къиихъуэным япэу щелIалIэ а пэщIэдзэ IэнатIэм и IэщIагъэлIхэм, псом хуэмыдэу, и пашэм, куэд елъытащ сабийм адэкIэ зэрызиужьынур, гъащIэм зэрыхэувэфынур, абы щызыIэригъэхьэфыну ехъулIэныгъэхэр зыхуэдэнур. Жэуаплыныгъэ лъагэ зыхищIэу, гурэ псэкIэ а псори къыгурыIуэу зыпэрыт IэнатIэр езыхьэкIхэм ящыщщ Налшык дэт сабий гъэсапIэ №63-м и унафэщI, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Атмурзаевэ Софият.*



«Ди сабий садым иужьрей зэманым игъуэт зыужьыныгъэм, зыIэригъэхьэ ехъулIэныгъэхэм, и пщэрылъ къалэнхэр къызыхуэтыншэу зэригъэзащIэм, IэщIагъэлI гуп зэдэуууэ зэрыщызэдэлажьэм, шэч хэмылъу, и фIыгъэ ин хэлъщ ди IуэхущIапIэм и пашэ Атмурзаевэ Софият, - итщ а гъэсапIэм и лэжьакIуэхэм къабгъэдэкI тхыгъэу редакцэм къытIэрыхьам. - Лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэу зыкъэзыгъэлъэгъуа бзылъхугъэ щыпкъэр илъэс бжыгъэ дахэ ирокъу мы махуэхэм. Республикэ газетым и напэкIуэцIхэр къэдгъэсэбэпу, дыхуейт зэхэщIыкI зиIэ унафэщI Iэзэм, гу зэIухарэ псэ къабзэрэ зыбгъэдэлъым дегуэпэну, Iуэху зехьэкIэ дахэу, цIыху хэтыкIэ екIуу бгъэдэлъыр хэIущIыIу тщIыну».

Атмурзаевэр сабий гъэсапIэм и унафэщIу зэрылажьэрэ илъэсипщIым щIигъуащ. А зэманым къриубыдэу лэжьыгъэ купщIафIэ мымащIэ зэфIихащ абы, IэнатIэм ифI, и ехъулIэныгъэ къызэрыкI куэдми я жэрдэмщIакIуэ хъуащ. Псом нэхърэ нэхъапэращи, зи лэжьыгъэм фIыуэ хэзыщIыкI, зи IэщIагъэр фIыуэ зылъагъу пашэм хузэфIэкIащ япэ ита унафэщIхэм ирахьэжьа IуэхуфIхэр адэкIэ игъэкIуэтэн, ахэр зыхузэфIэкIын гуп узыншэ гъэсапIэм къыщызэригъэпэщын. ЩIэныгъэфI зыбгъэдэлъ, къалэн къыщащIамкIэ жэуаплыныгъэ лъагэ зыхэзыщIэ, жэрдэмрэ гудзакъэрэ зиIэ унафэщI набдзэгубдзаплъэм и нэIэм щIэту сабий гъэсапIэр зыужьыныгъэм хуокIуэ. Абы дапщэщи щефIакIуэ зэпытщ сабийхэм щыхуащI гулъытэмрэ бгъэдалъхьэ гъэсэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ. Софият гупыр егъэлажьэ, иджырей мардэхэм хуэкIуэ Iуэху зехьэкIэхэм тету, технологие пэрытхэр сыт щыгъуи я Iэдэжу. А унафэщI щыпкъэм ядеIыгъ гъэсакIуэхэм къыхалъхьэ жэрдэм дахэхэр, Iуэхум гупсысэщIэхэр хилъхьэу.

«Iуэху зехьэкIэфIу дбгъэдэлъхэм я нэхъыбапIэмкIэ щапхъэ нэс къытхуохъу гупым ди пашэр, - жаIэ садым и гъэсакIуэхэм. - Атмурзаевэр и жэрдэмщIакIуэу, ди сабий IуэхущIапIэм куэдрэ къыщызыдогъэпэщ икIи щыдогъэкIуэкI жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ Iуэхугъуэхэм епха зэхуэсхэр, дерс зэIухахэр, екIуу, къызыхуэтыншэу мэлажьэ ди деж щыIэ гупжьей зэмылIэужьыгъуэхэри. Лэжьыгъэм къыдошалIэ адэ-анэхэри. Ахэри, дэ тхуэдэу, хуэарэзыщ IуэхущIапIэм и унафэщIым».

Атмурзаевэм и нэIэм щIэт дэтхэнэ лэжьакIуэми бгъэдыхьэкIэ дахэ къыхуегъуэтыф, къалэнхэр гъэзэщIэным нэхъри тригъэгушхуэу, зыгъэпIейтей щыIэмэ, абыкIи чэнджэщэгъуфI, сэбэп хуэхъуу. И лэжьэгъухэм зэрыжаIэмкIэ, Атмурзаевэм и зэфIэкIыр IуэхуфIу ищIахэмрэ жэрдэмыфIу къыбгъэдэкIахэмрэ я бжыгъэшхуэ къудейхэмкIэ къыпхуэлъытэнукъым - ар зыхыбощIэ садым щызекIуэ Iуэху зехьэкIэфIымкIэ, сабий къэс игъуэт гулъытэмрэ гуапагъэмкIэ, пщIэ яхуищIу IэщIагъэлIхэми и гъэсэнхэм я адэ-анэхэми зэрахущытымкIэ. Софият деIэтыф икIи гурэ псэкIэ щогуфIыкIыф дэтхэнэ и лэжьакIуэми и ехъулIэныгъэм, апхуэдэуи, щытыкIэ гугъу ихуа къахэкIмэ, абдежми лъэкI псомкIи сэбэп мэхъу.

Нэгъэсауэ, къызыхуэтыншэу IэнатIэр ехьэкIыным сыт щыгъуи хущIэкъу икIи ар къызэхъулIэ унафэщIыщ Атмурзаевэ Софият. Сабий садым и лэжьакIуэхэм абы гумрэ псэмрэ къабгъэдэкI мы хъуэхъу дахэр щIыхуагъэфащэри аращ: «ПщIэ зыхуэтщI ди пашэ, лэжьэгъу лъапIэ. Уи махуэмкIэ ди гуапэу дынохъуэхъу икIи дыпхуоупсэ узыншагъэ быдэ, къару мыкIуэщI, унагъуэ насып, лэжьыгъэкIэ ехъулIэныгъэ нэхъыбэжхэр уиIэу, фIыуэ тлъагъу ди сабий гъэсапIэр нэхъри ефIэкIуэным хуэгъэпса жэрдэмыщIэхэмрэ гупсысэщIэхэмрэ уи куэду гъащIэ кIыхь, дахэ, купщIафIэ къэбгъэщIэну. Дэ уэ сыт щыгъуи дыпкъуэтщи, дыхьэзырщ псори дызыхуэлажьэ Iуэхум, щIэблэр узыншэу, губзыгъэу къэгъэхъуным, щIэныгъэу, зэфIэкIрэ къарууэ диIэр етхьэлIэну».

Апхуэдэу гупыр зыгъэгуп, ар IуэхуфIхэм къыхузэщIэзыгъэуIуэ Атмурзаевэ Софият дэри ди гуапэу дохъуэхъу фIыуэ илъагъухэм я пщIэрэ гулъытэрэ щымыщIэу, зыпэрыт IэнатIэм ехъулIэныгъэщIэхэр щызыIэригъэхьэу, дэтхэнэ и зы махуэми насыпрэ дэрэжэгъуэрэ къыхуихьу куэдрэ узыншэу псэуну.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

● ТхылъыщIэ

# Кавказым къамыхута и щэхухэр

**Лъахэхутэхэу Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм къыщыдагъэкIащ «Неразгаданные тайны Кавказа: иномирье Кабардино-Балкарии» тхылъыр.**




ЛЭЖЬЫГЪЭ нэхъыщхьэу къалъытэ мы къыдэкIыгъуэм хагъэхьащ Котляров Виктор илъэс 25-м къриубыдэу иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм зыщрихьэлIа Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэнхэр, щэхухэр къызэщIэзыубыдэ тхыгъи 100-м щIигъу. Тхылъым ихуар езым и нэгу щIэкIахэрщ.

КъыдэкIыгъуэм и пэублэ псалъэм Котляров Виктор щетх тхылъыр блэкIам и щэху кIапэлъапэхэмкIэ, зрихьэлIа артефакт щIэщыгъуэхэмкIэ, къэхъугъэ телъыджэхэр зылъэгъуа цIыхухэм къаIуэтэжа хъыбархэмкIэ зэрыгъэнщIар. Абы зэрыжиIэмкIэ, тхылъым къыщихьахэм езыр иримыхьэлIам зи гугъу ищI Iуэхугъуэхэр и фIэщ мыхъункIэ е къэгупсысауэ къилъытэнкIэ хъунт. Ауэ, зытепсэлъыхь псори и нэкIэ зэрилъэгъуар, зэрызыхищIар къыхегъэщ.

Апхуэдэу хъуми, Котляров Виктор тхылъым къыщеджэжкIэ, языныкъуэхэм деж итхам шэч къыщытрихьэж къохъу, и нэгу щIэкIа а къэхъугъэхэр апхуэдизкIэ фIэфIэщщIыгъуейщи.

Виктор мы лэжьыгъэм илъэс пщIы бжыгъэкIэрэ иужь итащ: республикэм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щэ бжыгъэкIэрэ къыщикIухьащ, цIыхухэм яIущIащ, архивхэм хэлэжьыхьащ, илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм къыдэкIа газет куэд зэригъэдзэкIащ. Ар топсэлъыхь щIыуэпсым игъэпщкIуа бгъуэнщIагъ Iузэхэм зэрыщIэпщхьам, языныкъуэ альпинистхэр зыдэмыкIыну бгыхэм зэрыщыIам, жьы зэпеуэхэм нэху зэрыщигъэщам, псыежэххэм зэрыхэхуам, и Iэпкълъэпкъым дыркъуэу къытена фэбжьхэр хихыу. А псори къызэринэкIащ, илъэгъуахэр къиIуэтэжын папщIэ.

Тхылъым дэфтэрхэр зи лъабжьэ къэхутэныгъэхэр къызэщIеубыдэ: «Таинственный мир дольменов», «Реликтовые гоминоиды», «Аненербе: что искали гитлеровцы на Северном Кавказе». Иджырей щIэныгъэм «къимыщтэ», ауэ лъэбакъуитIкIэ тпэгъунэгъуу къилъытэ куэд абы къыдэкIыгъуэм къызэщIригъэубыдащ.

НапэкIуэцI 680-рэ хъу тхылъыр Котляровхэ я 78-нэщ. Абы хагъэхьащ япэрей къыдэкIыгъуэ нэхъыфIхэм ящыщи, тхылъеджэхэм иджыри я пащхьэ ирамыхьа тхыгъэщIэхэри.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# Къыщыуджащ Ищхъэрэ Мылылъэ хым

**Налшык къалэм дэт лицей №2-м физикэмрэ астрономиемкIэ и егъэджакIуэ Къэшэж Аслъэн «Росатом»-м иригъэкIуэкI «Ледокол знаний» VII дунейпсо щIэныгъэ-узэщIакIуэ зекIуэм хэтахэм ящыщ зы хъуащ. Мы хъыбарыр къет «Кавказ сегодня» порталым.**

АБЫ ТЕЛЪЫДЖЭУ къыщыхъуам и гугъу пщIымэ, псом япэу къэгъэлъэгъуапхъэщ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и лIыкIуэу Iуэхум хэтахэм Ищхъэрэ Мылылъэ хым и курыкупсэм ит «ТекIуэныгъэр илъэс 50 ирокъу» атом мылкъутэм и вертолет тIысыпIэм деж адыгэ къафэхэр зэрыщагъэзэщIар.

Къэшэж Аслъэн и ехъулIэныгъэхэм ди газетыр ипэIуэкIи мызэ-мытIэу тепсэлъыхьащ. Физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, «Илъэсым и егъэджакIуэ-2022» зэпеуэм и лауреат, «Классная тема» телепроектым и япэ Iыхьэм щытекIуа Къэшэжыр зекIуэм пашэу зыкъыщигъэлъэгъуащ икIи дуней псом икIа гупым ящIыгъуащ.

«Кавказым ис лъэпкъхэм я хабзэхэмрэ щэнхабзэмрэ яхъумэ къафэкIи, макъамэкIи, лъэпкъ фащэкIи. Ди лъэпкъ щIэинхэм я дахагъэм ноби мыхьэнэшхуэ иIэщ, ахэр яфIэгъэщIэгъуэнщ нэгъуэщI лъэпкъхэм щыщхэми. Ди къафэхэр утыку къитхьа нэужь, куэд къыдбгъэдыхьащ иджыри пытщэну къыдэлъэIуу. Уеблэмэ ди къафэ хабзэхэм теухуауэ нэхъыбэ къащIэну хуейуэ къыдэупщIыхьт, езыхэми абы щыщ гуэрхэр зрагъэщIэну щIэхъуэпсырт», - жеIэ егъэджакIуэм.

«Ледокол знаний» екланэ зекIуэр траухуащ Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым икIи абы хэтащ дунейм и къэрал 22-м икIа еджакIуэ, студент зэчиифIэу 68-рэ. Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэхуэзэ дахэ ар хъуащ. Вьетнамым, Индием, Белоруссием щыщхэр гукъыдэжышхуэ яIэу удж хъурейм хыхьащ, «щIым и гъунэм» урыс уэрэдхэр зэгъусэу зэрагъащIэу щызэхэсащ.

Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм ифI ягъэлъэгъуэну Iэмал яIэу Арктикэм щыIащ еджакIуэ зэчиифIэхэр: Гордусенкэ Дарье (Владикавказ), Азаровэ Аннэ (Невинномысск), Страховэ Евгение (Минеральные Воды). Апхуэдэуи егъэджэныгъэ Iуэхум хэтащ Пятигорск щыщ блогер, музыкант, КВН-м хэта Дилан Ян.

«Тхыдэм къриубыдэу а щIыпIэм щыIар цIыху 15000-рэщи, сэри абыхэм сазэрыщыщым къызита гукъыдэжыр пхужымыIэным хуэдизщ. IэнатIэ зэхуэмыдэхэм пэрыт цIыху къызэрымыкIуэхэм - щIэныгъэлIхэм, тхакIуэхэм, зыплъыхьакIуэхэм, артистхэм, егъэджакIуэхэм, ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм - махуипщIкIэ уаригъусэныр тыгъэшхуэт», - къыхигъэщащ блогерым.

Егъэджэныгъэ программэм къыдэкIуэу, зекIуэм хэтахэм ялъэгъуащ арктикэ мылхэр, мыщэ хужьхэр, Франц-Иосиф и ЩIы архипелагыр. КъищынэмыщIауэ, абыхэм я нэгу щIэкIащ щIыуэпс къэхъукъащIэ гъэщIэгъуэн - дыгъэр зэрыкъуилъафэм Арктикэм щыкIэлъыплъащ. Шэч хэмылъу, КИФЩI-м и лIыкIуэхэм я дежкIэ мы зекIуэр IэмалыфI хъуащ технологие лъагэхэм зыщагъэгъуэзэнымкIэ, нэхъыщхьэжращи, абыхэм ягъэлъэгъуащ кавказ щэнхабзэм щIы хъурейм и дэнэ щIыпIи цIыхухэр зэрыщызэкъуигъэувэфыр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**





● Футбол

# КъригъэкIуэтащ аргуэру «Нартым»

**«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Нарт» (Черкесск) - 0:1 (0:0). Налшык. «Спартак» республикэ стадион. ФокIадэм и 5-м. ЦIыху 672-рэ еплъащ.**

**Судьяр** Газиев (Кисловодск), Ивлев (Москва), Головченкэ (Дон Iус Ростов).

**«Спартак-Налшык»**: Каркаев, Гирзишев, Балъкъыз (Черкесов, 84), КIэдыкIуей, Пириев, Малкандуев (Пекъу, 89), Гъуэгузокъуэ, Хьэшыр, ХьэцIыкIу (Селяев, 89), 70), Ибрагимов, ЛIуп (Лысенкэ, 54).

**«Нарт»**: Колесов, Лелюкаев, Ярцев, Ерохин, Иналкаев, Тхьэкъуахъуэ, Котов (Востриков, 88), Каргинов, Дэхъу (Тарамов, 65), Осицин (Беляев, 75), Машэжь (Байсуркаев, 88).

**Топыр дигъэкIащ**: Машэжьым, 48 (0:1).

**Дагъуэ къыхуащIащ**: ЛIупым, Тарамовым, Иналкаевым.

ЗЭМАНЫР макIуэ икIи куэдым зехъуэж. Къапщтэмэ, хэт и гугъэнт зэгуэрым уей-уей жезыгъэIэу Урысейм и премьер-лигэм хэта «Спартак-Налшыкым» зэрызэхуашэсыжрэ куэд мыщIа Черкесск и «Нартым» иужь илъэситI-щым пэмылъэщыжыххэ хъуну. Къапщтэмэ, 2024 гъэм тIэунейрэ 2:3-рэ 2:5-уэ къыхигъэщIащ. Нэгъабэ Налшык щызэрытемыгъэкIуами, Черкесск щыIэу 5:0-у къефIэкIащ. Мы гъэми япэ къекIуэкIыгъуэм Къэрэшей-Шэрджэсым и къалащхьэм 0:1-уэ щыфIахьати, етIуанэм хуэфэщэн жэуап иратыфын ди гугъат. АрщхьэкIэ...

Къэбэрдей-Балъкъэрым «Нартыр» къэкIуат «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэу зэрыщытрэ куэд мыщIа Битокъу Тимур и унафэм щIэту. Гупым я пашэт ди лъахэгъухэу Машэжь Ратмир, Лелюкаев Алан, Дэхъу Ислъам сымэ. Куэд щIатэкъым абыхэми ди щIыхьыр зэрахъумэрэ. Зи гугъу тщIа дэтхэнэ зыри, дауи, хущIэкъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ нэхъыщхьэм иджыри сэбэп зэрахуэхъуфынутэр, щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу ар ябгынэн хуей мыхъуатэмэ.

Джэгур зэрыщыту «Спартак-Налшыкым» и тепщэныгъэкIэ екIуэкIащ. АрщхьэкIэ, абы сыт и мыхьэнэ, текIуэныгъэр къыпхуэзыхьыфыну топхэр уи хьэрхуэрэгъухэм яхудумыгъэкIыфмэ. Аращ къащыщIар ди щIалэхэм. Абы щыгъуэми Черкесск къикIахэм къахукъуэкIа Iэмал закъуэтIакъуэхэм ящыщ зыр Iэзэу къагъэсэбэпащ. Загъэпсэхуауэ къызэрихьэжу «Нартым» ебгъэрыкIуэныгъэ лъэщ къызэригъэпэщащ икIи я капитан Машэжь Ратмир бжыгъэр къызэIуихащ. А ехъулIэныгъэр ди лъахэгъум игъэлъэпIакъым икIи и IэпхъуамбэхэмкIэ зэхигъэува гум и теплъэр стадионым исхэм яригъэлъэгъуащ, ахэр фIыуэ зэрилъагъур къыхигъэщу.

Iуэхур игъэзэкIуэжыну «Спартак-Налшыкым» иджыри зэманыфI иIэт. АрщхьэкIэ ебгъэрыкIуэныгъэ мыухыжххэми, губгъуэм ит щIалэ зыбжанэ зэрахъуэжами зыри къикIакъым. Аргуэру ар «Нартым» къригъэкIуэтащ икIи турнир таблицэми къыщыщхьэщыкIащ.

АпщIондэхукIэ зэхьэзэхуэм щыпашэхэм зи чэзу текIуэныгъэхэр зыIэрагъэхьащ. «Севастополь»-р, гугъу дехьами, Бахъчисарай къикIа «Кызылташ»-м ефIэкIащ. «Ростов-2»-р Песчанокопскэм щынэхълъэщащ. Донецк и «Шахтёр»-м и закъуэщ хэщIыныгъэ зыгъуэтар. Ар хьэщIапIэ щыIэу Луганск и «Заря»-м пэлъэщакъым.

Адыгэхэр щыпсэу республикэхэм я командэхэр иджыпсту турнир таблицэм щызэкIэлъхьэужь хъуащ. «Нартыр» япэ итщ (екланэ увыпIэм), «Спартак-Налшыкыр» абы къыкIэлъокIуэ. АдэкIэ къыщытщ Мейкъуапэ къэкIуа Нэзран и «Ангушт»-р хэзыгъэщIа «Дружба»-р. ЗэкIэ дэтхэнэми къигъэлъагъуэр курыт зэфIэкIщ. Абы щыгъуэми зыщыдгъэгъупщэнкъым ди щIалэхэр нэгъабэ къыкIэрыхухэм зэрахэтар.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и зи чэзу джэгугъуэм крикIуа бжыгъэхэм адэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ. Мис ахэр: **«Заря»** (Луганск) - **«Шахтёр»** (Донецк) - **1:1**, **«Нефтяник»** (Избербаш) - **«Победа»** (Хасавюрт) - **1:2**, **«Севастополь»** (Севастополь) - **«Кызылташ»** (Бахъчисарай) - **2:1**, **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **«Ангушт»** (Нэзран) - **1:0**, **«Астрахань»** (Астрахань) - **«Динамо-2»** (Мэхъэчкъалэ) - **1:1**, **«Чайка-М»** (Песчанокопскэ) - **«Ростов-2»** (Дон Iус Ростов) - **0:2**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» фокIадэм и 12-м иригъэкIуэкIынущ. Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щыIэ зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ а махуэм ар Нэзран къалэм «Ангушт»-м щыIущIэнущ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр***

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **1.** | **«Севастополь»** | **21** | **16** | **2** | **3** | **38-17** | **50** |
| **2.** | **«Ростов-2»** | **21** | **14** | **4** | **3** | **45-16** | **46** |
| **3.** | **«Шахтёр»** | **21** | **14** | **4** | **3** | **42-20** | **46** |
| 4. | «Победа» | 20 | 10 | 3 | 7 | 38-27 | 33 |
| 5. | «Рубин» | 20 | 8 | 8 | 4 | 25-18 | 32 |
| 6. | «Кызылташ» | 21 | 9 | 4 | 8 | 36-30 | 31 |
| 7. | «Нарт» | 20 | 9 | 3 | 8 | 27-19 | 30 |
| **8.** | **«Спартак-Налшык»** | **20** | **7** | **7** | **6** | **27-20** | **28** |
| 9. | «Дружба» | 20 | 7 | 7 | 6 | 22-21 | 28 |
| 10. | «Заря» | 21 | 6 | 6 | 9 | 24-30 | 24 |
| 11. | «Астрахань» | 20 | 5 | 5 | 10 | 22-32 | 20 |
| 12. | «Нефтяник» | 21 | 6 | 0 | 15 | 19-57 | 18 |
| 13. | «Ангушт» | 20 | 4 | 4 | 12 | 9-21 | 16 |
| **14.** | **«Динамо-2» Мх** | **21** | **3** | **5** | **13** | **19-39** | **14** |
| **15.** | **«Чайка-М»** | **21** | **4** | **2** | **15** | **17-43** | **14** |

● Дзюдо

# Соблыр Атмир дыжьыныр къехь




**Европэм дзюдомкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ Черногорием и къалащхьэ Подгорице иджыблагъэ щекIуэкIащ. Абы щызэпеуащ къэрал 44-м я спортсмену, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 400-м нэблагъэ, я ныбжькIэ илъэс 21-м щIимыгъуауэ.**

УРЫСЕЙ Федерацэм и командэ къыхэхам хэту зэхьэзэхуэм щыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и дзюдоист Соблыр Атмир икIи дыжьын медаль абы къыщихьащ. Килограмм 73-рэ зи хьэлъагъхэм я деж щыбанэ ди щIалэр япэ зэIущIитхум щытекIуащ абыхэм хухаха зэманхэр и кIэм нимыгъэсу. Ауэ финалым ар къыщыхигъэщIащ Украинэм и лIыкIуэ Кравченкэ Данил.

Иджы Соблырым къыпэщылъщ дзюдомкIэ дуней псом пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ мы гъэм жэпуэгъуэм и 22 - 25-хэм Иорданием и къалащхьэ Амман щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм и зэфIэкIхэр щигъэлъэгъуэну. ЩIалэм къыдэлажьэр УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Ким Русланщ.

**МЭРШЭН Батыр.**

● Регби

# ЩIыналъэхэр зэпоуэ

**«Урысей Ипщэм регбимкIэ и академием и кубок» фIэщыгъэр зезыхьэ зэхьэзэхуэ щекIуэкIащ Налшык къалэм и «Спартак» стадионым. Абы щызэпеуащ Урысей Ипщэмрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ я щIыналъэхэм ящыщу 6-м я командэу 7, спортсменхэм я ныбжьыр илъэс 13-м щIимыгъуауэ.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ щIадзэным ипэ къихуэу, къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ КъБР-мрэ Осетие Ищхъэрэ - Аланиемрэ регбимкIэ я федерацэхэм я тхьэмадэхэу Сурженкэ Русланрэ Кумаритов Вадимрэ.

ГъэщIэгъуэну икIи удэзыхьэхыу екIуэкIа зэIущIэхэм къарикIуахэр зэхалъхьэжа нэужь наIуэ къызэрыхъуамкIэ, япэ увыпIэр къихьащ Краснодар щIыналъэм и командэм. ЕтIуанэ хъуащ Дагъыстэным къикIа хьэщIэхэр. Ростов областым и Таганрог къалэм и ныбжьыщIэхэм ещанэ увыпIэр яубыдащ.

Зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIахэм медалхэр, кубокхэр, щIыхь тхылъхэр, саугъэт щхьэхуэхэр иратащ, къитащ КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэм.

**БЭЛЭТОКЪУЭ Замир.**

● Хъыбарегъащ Iэ

ПщIэ зыхуэтщI абонентхэ! Фигу къыдогъэкIыж фэтэр куэду зэхэт унэхэм щIэсхэм мазэ къэс зехьапщIэр ятын зэрыхуейр. Ауэ языныкъуэхэм зехьапщIэм пэкIуэ ахъшэр (компенсацэр) иратыжыну хуитыныгъэ яIэщ: илъэс 70-м щIигъуахэм, зи Iэпкълъэпкъыр къызыдэмыбзхэу I, II щытыкIэм итхэм, зауэм хэта ветеранхэм, Чернобыль къыщыхъуа гузэвэгъуэм хиубыдахэм. Компенсацэр къеIыхыжыным теухуауэ социальнэ зыхъумэжыныгъэмкIэ IуэхущIапIэхэм захуэвгъазэ хъунущ. ФызыщIэупщIэну псоми я жэуапыр и лъабжьэмкIэ къакIуэ хэщIапIэхэм къыщыфхуэщIэнущ:

*Телефоныр: 8 967 425-15-16*

*Электрон пощтыр: regoperator.07@mail.ru*

*Адресыр: Налшык, Горькэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 17А.*

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ I Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Къыдэзыгъэк Iхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинымр и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.114
Заказыр №1925

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

*жэуап зыхь секретарь* **Къаншокъуэ Эллэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(2, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 3-нэ нап.)*.

*КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

*Сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.